

Tuturan Dhirektif Sajrone Proses Dol Tinuku Ing Dhusun Bahoro Desa Banjarworo Kecamatan Bangilan Kabupaten Tuban

Ari Putra Kurniawan

Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Email : arikurniawan1@mhs.unesa.ac.id

Dr. Surana, S.S., M.Hum.

Abstrak

Basa minangka piranti kang baku ing proses komunikasi. Panganggone basa kang warna-werna minangka sarana pilihan kanggo ngekspresikake kekarepan saben pawongan. Kekarepan manungsa kadhang kala mbutuhake panyengkuyung saka manungsa liyane, kaya dene pakaryan dol tinuku. Panliten iki njupuk obyek wong-wong sing cecaturan ing Dusun Bahoro Desa Banjarworo Kecamatan Bangilan Kabupaten Tuban lan punjere panliten iki cundhuk klawan wujud dhirektif sing kadeleng saka legeyane panutur lan pananggape mitra tutur.

Dhasar panliten iki yaiku nganani dhirektif sing mijil saka legeyane panutur lan pananggape mitra tutur. Ancas saka panliten iki yaiku ngandharake kepriye wae wujud dhirektif sing katuturake dening pawongan sing ana ing Dusun Bahoro Desa Banjarworo Kecamatan Bangilan Kabupaten Tuban. Paedah teoritis saka panliten iki yaiku bisa menehi sumbangsih marang panliten ngenani panganggone basa. Paedah praktise supaya bisa migunani tumrap pasinaon pragmatik.

Panliten iki minangka panliten pragmatik awit ngrembug basa sing ana sesambungane klawan kahanan sosial kang ana ing bebrayan. Panliten iki sipate yaiku deskriptif kanthi teori sing dikemukakake dening Searle. Metode kang kagunakake yaiku metode deskriptif kualitatif. Dhata saka panliten iki kajupuk saka observasi ing lapangan kanthi dhata sing diolehi saka sumber dhata. Sumber dhata ing kene yaiku pacaturan dol tinuku sung ditindakake dening bakul lan panuku ing Dusun Bahoro Desa Banjarworo Kecamatan Bangilan Kabupaten Tuban.

Dhirektif sajrone pacaturan dol tinuku ing Dusun Bahoro Desa Banjarworo Kecamatan Bangilan Kabupaten Tuban kajupuk saka legeyane panutur sing blaka-ora blaka, langsung-ora langsung. Sarta pananggape mitra tutur sing nampa-nampik, lan nindakake-ora katindakake.

Asil saka panliten iki yaiku dhirektif kang mijil saka tuturan masyarakat dhusun kasebut dijupuk saka legeyane panutur lan pananggape mitra tutur. Lageyane panutur diperang dadi papat yaiku blaka langsung, blaka ora langsung, ora blaka langsung lan ora blaka ora langsung. Saka pananggape mitra tutur kaperang dadi papat yaiku katampa katindakake, katampa ora katindakake, katampik katindakake, lan katampik ora katindakake.

Tembung Wigati: Dhirektif, Pacaturan, Dol tinuku, Dusun Bahoro, Pragmatik.

Abstract

Language are very standard tools in the communication process. Use of diverse languages as a means of choice to express the desires of every human being. Human desires sometimes need support from other humans, including buying and selling activities. This study took the object of people who were conversing in Bahoro Hamlet, Banjarworo Village, Bangilan District, Tuban Regency, and the core of this research was leaning towards a directive that was seen from the behavior of speakers, and the response of the partners.

The basis of this research is about directives that are created from speaker behavior and partner partner responses. The purpose of this study is to explain how directive forms are spoken by the people of Bahoro Hamlet, Banjarworo Village, Bangilan District, Tuban Regency. The theoretical benefit of this research is that it can contribute to research on the use of language. The practical benefits that can be used for pragmatic learning.

This research is a pragmatic research that discusses language that has to do with social conditions found in society. This research is descriptive by using the theory proposed by Searle. The method used is descriptive qualitative method. The data from this research is taken from field observations with data obtained from data sources. The data sources referred to here are buying and selling conversations carried out by sellers and buyers in Bahoro Hamlet, Banjarworo Village, Bangilan District, Tuban Regency.

The directive in buying and selling conversations in Bahoro Hamlet, Banjarworo Village, Bangilan District, Tuban Regency is taken from the delivery method from the honest-dishonest, direct-indirect speaker. As well as partner responses that accept-reject, and implement-do not implement.

The results of this study are directives that emerge from the public speeches that are taken from the speakers' behavior and the responses of the speech partners. Try directors' behavior is divided into four namely honest direct, honest indirect, indirect honest and dishonest indirect. From the response of the partner, it was divided into four, which were honest, undirect honest, rejected, and undirect rejected.

Important words: Directive, Conversation, Buying and selling, Bahoro Hamlet, Pragmatics.

PURWAKA

Panliten basa minangka salah sawijine panliten sing kerep katindakake dening mahasiswa Jurusan Basa lan Sastra Jawa ing Universitas Negeri Surabaya. Panganggone basa sing maneka warna uga ndadekake paniliten basa ora ana rampunge lan bakal katliti maneh lan manen dening mahasiswa liyane. Salah sawijine yaiku panliten ngenani dhirektif iki. Sanajan panliten ngenani dhirektif iki wis ana sing nliiti sadurunge, nanging mung sewates sakupenge dhaerah-dhaerah tartamtu. Panganggone basa ing saben dhaerah-dhaerah uga nduweni wujud lan dhialek dhewe-dhewe sing dadi titikan kusus saka dhaerah kasebut. Panliten iki nyuguhake analisis saka dhirektif sing ana ing salah sawijine desa ing kutha Tuban, yaiku desa Bahoro. Kapilihe Tuban utamane ing desa kasebut minangka lokasi panliten jalaran tetembungan kang digunakake ing desa kasebut nduweni titikan kusus. Titikan kasebut wujud yaiku dhialek sing beda saka dhaerah-dhaerah liyane ing pulo Jawa. Panliten iki bakal ngrembug apa wae jinis lan wujud saka dhirektif nuku samubarang sing ana ing lokasi kasebut.

Ngrembug dhirektif, ora adoh saka jinis tembung sing digunakake dening panutur lan mitra tutur. Utamane yaiku ukara sing digunakake dening bakul lan panuku kang ancasa supaya mitra tutur nindakake kekarepan saka panutur. Searle (sajrone Leech, 1993:164) Dhirektif, yaiku perangan saka tindak tutur ilokusi sing dituturake dening panutur marang mitra tutur supaya mitra tutur nindakake kekarepan saka panutur.

Pepinginan panutur bisa dilakokake kanthi pirang-pirang cara, yaiku mesen, mrintah, ngajak, nundhung, lan menahi pitutur. Searle (1976:11) Ilokusi dhirektif iki nduweni ancasa ngasilake daya arupa tumindak, dene sing dilakoni dening panutur yaiku mesen, mrintah, njaluk, nundhung, lan nuturi. Anggone nindakake tindak tutur iki uga maneka warna gumantung klawan kahanan sarta apa kekarepan saka panutur. Pananggape mitra tutur uga nduweni maneka warna jinis, gumantung klawan kahanan saka mitra tutur. Panganggone tindak tutur iki bisa ditindakake dening bocah cilik, marang wong enom, bocah cilik marang wong tua, wong enom marang wong enom, wong enom marang wong tua, wong tua marang wong enom, lan wong tua marang wong tua.

Dhirektif sajrone proses dol tinuku wis lumrah banget dilakokake ing bebrayan, sarta macem-macem anggone nuturake kaya dene kanthi cara takon “mbak, nduwe trigu?”, ukara iki minangka ukara pitakon sing ancasa yaiku mitra tutur supaya enggal diadoli trigu. Ana

uga sing kanthi cara ngongkon “mbak, aku wenehi bawangem seprapat!”, tembung “aku wenehi” bisa ditegesi yen panutur kuwi kepengin nuku samubarang. Panganggone tindak tutur dhirektif sajrone cecaturan dol tinuku minangka salah sawijine wujud panganggone ragam tindak tutur. Sajrone dhirektif ing proses dol-tinuku, panutur bisa nggunakake cara mesen, amrintah, lan njaluk.

Dhata kang bakal dianalisis ing panliten iki yaiku awujud tetembungan sing digunakake antarane bakul lan panuku ing Dusun Bahoro, Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban. Tetembungan kang bakal kaanalisis tuladhane kaya: (1) “*Dhek, aku tulung angkatna klapaku dhek!*” (2) “*Mbak aku tukoni mbak. Murah wae mbak!*”. Rong dhata kasebut dioleh nalika nglakokake observasi ing lokasi panliten. Saka dhata kasebut menawa kadeleng saka wujud nduweni rong wujud, yaiku ngongkon utawa mrintah, lan pangarep-arep. Tata carane panutur nindakake dhirektif biyasane uga maneka warna, gumantung sapa kang dadi mitra tutur. Kaya kang wis sumebar ing bebrayan Jawa yen unggah ungguh kuwi kudu dadi padatan saben dinane. Ana golongan tartamtu sing pancen kudu diwenehi unggah-ungguh yen ta diajak uatawa ngajak cecaturan kaya dene golongan priyayi, golongan sepuh, golongan kang dikurmati. Kaping pindhane yaiku golongan sing bisa kanthi cara biyasa, yaiku golongan nom utawa golongan bocah, sarta golongan kanca plek sing wis saben dinane lumrah nggunakake basa ngoko.

Panliten ngenani tindak tutur dhirektif iki wis tau ana sing nliiti, kaya dene tindak tutur njaluk sing ditliti dening mahasiswa Unesa angkatan 2013, sarta panliten liyane sing ngrembug ngenani dhirektif. Nanging kang dadi pambada antarane panliten iki lan liyane yaiku lokasi panliten lan wujud dhirektif kang bakal katuturake.

Panliten iki bakal dilaksanakake ing Dusun Bahoro, Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban. Kanthi pangajab supaya panliten iki bisa nduweni guna tumrap bebrayan. Panliten iki bakal nggoleki apa wae jinis tindak tutur kang kadeleng saka lageyane panutur lan saka pananggape mitra tutur. Lokasi saka panliten iki yaiku ana ing Dusun Bahoro, Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban. Lokasi kasanut kapilih jalaran nduweni dhialek sing beda klawan dhaerah-dhaerah liyane. Bab kasebut sing njalari panliti ngrembug panliten sing nduweni irah-irahan “*Dhirektif Sajrone Proses Dol Tinuku ing Dusun Bahoro Desa Banjarworo Kecamatan Bangilan Kabupaten Tuban*”. Bab kang bakal ditliti mligi ana ing dhirektif sajrone proses dol tinuku. Kanggo nggampangake analisis

lan andharan, dhirektif sajrone proses dol tinuku bakal dicekak kanthi DSPD

Saka jlentrehan lelandhesan panliten ing ndhuwur, kadudut menawa kang dadi punjer saka panliten iki yaiku ngenani DSPD sing ana ing Dusun Bahoro, Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban kanthi Uderan panliten sing kaya ing ngisor iki:

- (1) Apa wae jinise DSPD adhedhasar lageyane panutur ing Dusun Bahoro, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban?
- (2) Apa wae jinise DSPD adhedhasar pananggape mitra tutur ing Dusun Bahoro, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban?
- (3) Apa wae peranan saka jinis DSPD adhedhasar lageyane panutur lan pananggape mitra tutur?

Ancase Panliten

Saka Uderan panliten kaya kang wis kajlentrehake ing Bab 1.2, mula kang dadi ancas saka panliten iki yaiku?

- (1) Ngandharake jinise DSPD adhedhasar lageyane panutur ing masyarakat Dusun Bahoro, Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban.
- (2) Ngandharake jinise DSPD adhedhasar pananggape mitratutur ing masyarakat Dusun Bahoro, Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban.
- (3) Ngandharake peranan saka jinise DSPD adhedhasar lageyane panutur lan pananggape mitra tutur

Supaya panliten iki ora nggrambyang sarta adoh saka topik sing arep direbug, mula perlu ana watesan-watesan kanggo ngencengi panliten supaya bisa dititiki kanthi cetha. Wewatesan kaping pisan yaiku watesan adhedhasar basa sing diteliti. Panliten iki mligi njlentrehake basa Jawa sing dianggo cecaturan dening masyarakat Bahoro, Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban. Basa sing digunakake yaiku basa Jawa ngoko lan basa Krama. Kaping pindhone yaiku wewatesan adhedhasar panggonan panliten. Panliten iki dilakokake ing Dusun Bahoro, Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban. Kaping telune yaiku panjlentrehan saka struktur, relasi, norma lan kahanan sosial.

Struktur sosial bakal kaperang dadi Umur, jinis kelamin, lan status ekonomi. Sabacune yaiku ngenani relasi sosial, yaiku raket lan ora rakete paseduluran antarane panutur lan mitra tutur, cedhak lan ora cedhake tetanggan panutur lan mitra tutur, cedhak lan ora cedhake kekancan panutur lan mitra tutur. Menawa norma sosial sing dikarepake yaiku norma-norma lan aturan sing ana sajrone masyarakat Dusun Bahoro, Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban. Sabanjure yaiku ngenani kahanan sosial, sing diperang dadi loro yaiku kahanan resmi lan ora resmi. Pungkasane saka panliten iki bakal nлити lageyane panutur lan jinis pananggape mitra tutur tumrap DSPD.

Panliten Tindak Tutur lan Dhirektif

Panliten ngenani tindak tutur lan tindak tutur dhirektif iki wis tau ana sing nлити sadurunge. Salah sawijine panliten sing dilakokake dening Lutfi Ami R. (2018). Panliten sing ditindakake dening dheweke nduweni irah-irahan "*Tindak Tutur Njaluk Samubarang ing Dhusun Tanjung, Desa Ngadimulya, Kecamatan Kampak, Kabupaten Trenggalek*". Panliten tindak tutur njaluk iki munjerake pirembugan ngenani tindak tutur njaluk sing kadeleng saka lageyan lan pananggape mitra tutur. Teori kang digunakake dening panliten iki yaiku teori saka Ibrahim, sing ngadhopsi teori saka Searle. Panliten iki nduweni tujuan kanggo meruhi jinis-jinise tindak tutur njaluk lan wujud, utamane sing ana ing Desa Ngadimulya, Kecamatan Kampak, Kabupaten Trenggalek. Panliten kang ditindakake dening Lutfi Ami iki ngasilake rong peranan, yaiku sing kaping pisan tindak tutur njaluk samubarang adhedhasar lageyane panutur utawa cara medharake tindak tutur njaluk samubarang. Perangan sing kaping pisan iki kaperang maneh dadi telu yaiku (1) Blaka langsung, (2) Blaka ora langsung, (3) Ora blaka langsung. Perangan sing kaping pindhone yaiku tindak tutur njaluk samubarang adhedhasar pananggape mitra tutur. Perangan kaping pindhone iki isih diperang maneh dadi papat yaiku (1) katampa katindakake, (2) katampa ora katindakake, (3) katampik katindakake, (4) katampik ora katindakake

Panliten sabanjure ditindakake dening Yolandha (2015) kanthi irah-irahan "*Bentuk dan Fungsi Tindak Tutur Pedagang dan Pembeli di Pasar Krian Baru Sidoarjo*". Panliten kang ditindakake dening Yolandha dipunjerake ing wujud lan guna tindak tutur ring Pasar Krian Baru, Sidoarjo. Tujuwan saka panliten iki yaiku kanggo njlentrehake wujud lan fungsi tindak tutur. Metode kang digunakake yaiku kuwalitatif kanthi dhata sing diolehi saka tuturan bakul lan panuku ing Pasar Krian Baru, Sidoarjo. Asil saka panliten iki yaiku wujud lan guna tindak tutur wong dagang lan panuku ing pasar Krian Baru Sidoarjo. Kapisan yaiku analisis saka wujud kang kaperang dadi papat yaiku (1) tindak tutur langsung literal, yaiku modhus ukara pitakon sing kanggo nakokake, (2) tindak tutur tidak langsung literal, sing nduweni rong modhus ukara yaiku ukara berita kanggo mrintah lan ukara pitakon kanggo mrintah, (3) tindak tutur langsung ora literal kanthi ukara pakon karepe mrintah, nanging teges saka tuturane dadi menging, (4) tutur ora langsung ora literal ana rong modhus ukara yaiku ukara berita nanging karepe mrintah, lan ukara pitakon nanging karepe menehi warta.

Kaping pindhone yaiku Jlentrehan adhedhasar guna tindak tutur sing sing kaperang

dadi lima yaiku (1) tindak tutur representatif sing ancase menehi warta bab kanthi temen (fakta) lan menehi dudutan; (2) Tindak tutur dhirektif sing nduweni guna ngongkon, takon, menehi urun pamanggih; (3) tindak tutur ekspresif nduweni guna mbombong lan kuciwa; (4) tindak tututur deklaratif nduweni guna menging; lan pungkasan yaiku (5) tindak tutur komisif sing nduweni guna kasaguhan lan panampik.

Panliten ngenani tindak tutur uga ditindakake dening Nurhandriana (2014) sing irah-irahane "*Tindak Tutur Menging ing Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung*" (*Kajian Pragmatik*). Panliten kang ditindakake dening Nurhandriana munjerake jinis tindak tutur menging kanthi dhasar lageyane panutur lan panaggape mitra tutur. Tujuwan saka panliten kang ditindakake yaiku ngandharake lan njlentrehake tindak tutur menging kanthi dhasar lageyane panutur lan panaggape mitra tutur. Asil saka panliten kuwi yaiku merang tindak tutur menging dadi loro yaiku tindak tutur menging adhedhasar legeyan panutur, lan tindak tutur menging adhedhasar panaggape mitra tutur. Asil kuwi digayutake marang struktur sosial, relasi sosial, kahanan sosial, lan norma sosial. Menawa tindak tutur menging iki wujud amung ukara pakon, nanging yen wujud saka panliten DSPDS iki bisa dadi ukara crita, ukara pakon, sarta ukara pitakon.

Panliten ngenai tindak tutur uga ditindakake dening Sukmarini (2014) kanthi irah-irahan "*Tindak Tutur Pamit ing Pasrawungan Masyarakat Desa Macabung, Kecamatan Gondang, Kabupaten Mojokerto*". Panliten iki dipunjerake ing jinis tindak tutur pamit sajrone pasrawungan adhedhasar cara medharake lan panaggape mitra tutur. Tujuwan kang dikarepake saka panliten kasebut yaiku ngandharake lan njlentrehake tindak tutur pamit ing pasrawungan adhedhasar cara medharake lan panaggape mitra tutur. Panliten sing ditindakake ngasilake perangan tindak tutur pamit adhedhasar cara medharake lan tindak tutur menging adhedhasar panaggape mitra tutur sing cundhuk karo konteks sosial (struktur sosial, relasi sosial, kahanan sosial, lan norma sosial). Panliten iki nggunakake prinsip tindak tutur teori saka Leech lan Greace.

Panliten kang nomer lima yaiku ditindakake dening Bagus Akbar Gumelar (2017) kanthi irah-irahan "*Ragam Basa sajrone Pacaturan Dol Tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo Kutha Surabaya*". Punjere panliten iki yaiku wernane basa sing mijil saka cecaturane bakul lan panuku ing lokasi kasebut. Ancas saka panliten iki yaiku ngandharake apa wae wujud wernanane basa, wujud sosiolek, lan idiolek sajrone pacaturan dol tinuku ing Pasar Jongkok

Wonokromo Kutha Surabaya. Teori kang digunakake ing panliten iki yaiku teori sosiolinguistik dening Chaer. Asil saka panliten iki yaiku wujud wernane basa sing ana sajrone pasar jongkok ana telung macem adhedhasar kahanan sing kapisan yaiku anane *variasi* tembung. Kapindone anane wujud sosiolek kalebu panganggane basa krama, jargon, slang, lan basa Surabayaan. Kaping telu yaiku anane wujud idiolek para bakul ing pasar jongkok Wonokromo Surabaya.

Panliten kang kaping enem yaiku saka Hevi Lolita Putri (2013). Irah-irahan saka panliten iki yaiku "*Tindak Tutur Ilokusi Direktif pada Film UP: Kajian Pragmatism*". Panliten iki dipunjerake ing jlentrehan jinis tindak tutur ilokusi dhirektif lan dayane tumrap tujuwan sing pengin digayuh dening panutur. Ancas saka panliten iki yaiku menehi andharan ngenani jinis dhirektif ing film *UP* kanthi teori saka Leech. Asil saka panliten iki yaiku ilokusi dhirektif ana ing film iki kaperang dadi 3 antarane yaiku (1) Imperatif, (2) Interogatif, (3) Deklaratif.

Saka enem panliten sing wis katindakake kuwi mau nduweni punjer sing maneka warna, kaya dene jinis tindak tuture, dhirektife, lokasine, nanging durung ana sing niliti tindak tutur dhirektif sajrone proses dol tinuku samubarang ing Dusun Bahoro, Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban kanthi teori dhirektif dening Searle.

Konsep-Konsep Kanggo Panliten

Konsep-konsep kang digunakake ing panliten iki yaiku konsep sing miunjer ana ing dhisiplin ilmu linguisitik, utamane ing bidhang bidhang pragmatik. Salah siji punjer kang diteliti ing pragmatik yaiku ngenani tindak tutur. Searle (sajrone Rusminto, 2010:22) medharake menawa tindak tutur yaiku teori sing nintingi bab tegese basa adhedhasar anane sesambungan tuturan lan tumindak sing dilakoni dening panutur. Tintingan kasebut didhasari saka pamawas (1) tuturan kuwi minangka sarana komunikasi lan (2) tuturan bakal nduweni teges yen ditindakake ing cecaturan sabendinane, kaya dene njaluk, mrintah, mesen, menehi pitutur, lan menehi *rekomendasi*.

Laras klawan apa kang diomongake dening Searle, Austin (sajrone Ibrahim, 1993:106) ngandharake menawa tindak tutur minangka tumindak sing luwih mligi nglakoni samubarang tinimbang ngomongake samubarang. Saperangan tuturan ora amung nuduhake *representative* utawa *interrogative*, nanging saka tuturan kuwi nuduhake tumindak. Chaer lan Agustin (2004:50) ngandharake menawa tindak tutur kalebu gejala individual sing asipat psikologis, lan saka kahanane ditamtokake dening kabisane panutur ing bab basa sajrone ngadhepi kahanan tartamtu.

Titikan utama sing ana ing tindak tutur yaiku kudu ana panutur lan mitra tutur. Titikan kuwi mau ora uwal saka konteks tuturan, ancane tuturan, lan tindak tutur minangka sawijine tumindak. Panliten iki bakal mligi ngrembug tindak tutur direktif sing dituturake dening Searle. Objek kang bakal diteliti yaiku proses dol tinuku samubarang.

Dhirektif

Searle (sajrone Leech, 2011:164) merang tindak tutur ilokusi dadi lima yaiku Asertif, Dhirektif, Komisif, Ekspresif, lan Deklarasi. Dhirektif ing pamawase Searle yaiku, perangan saka tindak tutur ilokusi sing nduweni ancas ngasilake tumindak sing diaturake dening panutur. Tindak tutur Ilokusi sing diandharake dening Searle iki tuladhane kaya mesen, mrintah, njaluk, lan menehi wejangan.

Tindak tutur dhirektif kerep uga sinebut tindak tutur impositif, yaiku tindak tutur sing dikarepake dening panutur supaya mitra tutur nglakokake tumindak sing dipengeni. Bisa ditegesi menawa tindak tutur dhirektif nduweni guna kanggo nggawe mitra tutur nglakokake tumindak sing dikarepake dening panutur. Tuturan-tuturan sing kalebu tindak tutur dhirektif antarane yaiku meksa, ngajak, njaluk, ngongkon, nagih, ndhesek, njaluk katrangan, mrintah, lan nantang.

Nuku Samubarang

Nuku kalebu tembung kriya sing asale saka tembung lingga “tuku” lan ketambahan nasal [n] sing tegese tumindak sing ancane nduweni barang sing ora dinduweni kanthi cara njaluk ing wong liya lan kanthi gantine kudu menehake dhuwit. W.J.S Poerwadarminta (Aplikasi Bausastra V 1.1) nerangake menawa nuku yaiku ngepek barange wong liyan kanthi nglirani dhuwit. Nuku bisa kaperang dadi 2 jinis yaiku nuku samubarang lan nuku jasa. Panliten iki bakal mligi njlentrehake nuku samubarang utamane sing ana ing salah sawijine Dusun ing Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban. Nuku samubarang yaiku tumindak sing dilakoni nalika tuwuh pepenginan nalika kepengin barang tartamtu.

Tindak tutur njaluk tuwuh nalika panutur nduweni pepenginan nuku samubarang lan disengkuyung klawan basa sing digunakake gawr nuku barang kuwi. Tindak tutur iki miturut Searle (sajrone Leech, 1993:164) kerep dilebokak ing golongan kompetitif sing nuduhake tujuwane ilokusi saingan karo tujuwan sosial. Kaya dene cecaturan antarane bakul lan panuku ing sawijine toko sing ana ing Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, kabupaten Tuban. Kagiyanan dol-tinuku

nduweni patang jinis guna tindak tutur dhirektif yaiku: guna ngongkon, njaluk, mesen, lan menehi rekomendhasi

(1) Guna ngongkon (*requirements*)

Ngongkon yaiku tuturan sing nduweni karep supaya mitra tutur nglakoni pakaryan tartamtu. Ngongkon bisa diwastani menehi perintah, utawa ngongkon nglakokake samubarang (Poerwadarminta, 2006:876) Saperangan cecaturan ing ngisor iki nuduhake tindak tutur nuku samubarang sing nduweni guna ngongkon.

Panuku : Mbak, aku jupukno *masakonem* telu mbak.

‘Mbak, Saya ambikan masakomu tiga mbak’

Bakul : Masako telu, karo apa neh mbak?
‘Masako tiga, dengan apa lagi mbak?’

Tuladha DSPDS ing ndhuwur nuduhake cecaturan antarane panuku lan bakul. Antrane panuku lan bakul nduweni golongan sing padha, yaiku umur enom, jinis kelamin wedok, status ekonomi sosial sedheng, relasi tangga cedhak. Panuku kanthi gamblang nindakake tindak tutur dhirektif guna ngongkon nalika nuku samubarang. Panutur (panuku) ngongkon mitra tutur (bakul) supaya njupukake masako lan cacahé telu. Panuku minangka panutur nduweni pangarep arep supaya mitra tutur njupukake *Masako*.

(2) Guna njaluk (*requestives*)

Njaluk yaiku Pangarep-arep supaya diwenehi utawa ngolehi samubarang (Poerwadarminta: 2006:769). Saengga, tuturan njaluk dituturake supaya mitra tutur menehi samubarang. Saperangan cecaturan ing ngisor iki nuduhake tindak tutur nuku samburang sing nduweni guna njaluk.

Panuku : Pun, ndo’i aku njaluklombokem seprapat ndhuk

‘Pun, permisi saya ambikan cabaimu’

Bakul : Wingi lagek bar tuku kok wis entek leh mbah?

‘Kemarin baru beli kok sudah habis toh mbah?’

Tuladha DSPDS iki nuduhake cecaturan antarane panuku lan bakul. Antrane panuku lan bakul nduweni golongan sing beda, panutur (panuku) umur tuwa, jinis kelamin wedok, status ekonomi sosial sedheng, relasi tangga cedhak. bakul (mitra tutur) umur enom, jinis kelamin wedok, status ekonomi sosial sedheng, relasi tangga cedhak

Panuku kanthi gamblang nindakake tindak tutur ilokusi dhirektif guna njaluk nalika nuku samubarang. Panutur (panuku) njaluk Lombok seprapat nalika pengin nuduhake pepenginane nduweni lombok kuwi. Pangarep-arep saka panutur yaiku supaya mitra tuture menehi apa kang

(3) Guna Mesen (*order*)

Mesen yaiku menehi pesen (pitutur, pituduh, lan sapanunggalane) (Poerwadarminta, 2006: 883) saengga tuturan mesen dituturake kanggo menehi pesen marang wong liya. Tuladha cecaturan ing ngisor iki nuduhake tumindak tindak tutur nuku samubarang guna mesen.

Panuku: Mbak Nik, ngkok aja lali gawakna manci sing takjaluk gek ingi lo!
Mbak Nik, nanti jangan lupa bawa manci yang kuminta kemarin lo.

Bakul : Iya mbak, ngkok takkangkone nyangking anakku.
Iya mbak, nanti kusuruh membawa anakku.

Tuladha dhirektif iki nuduhake cecaturan antarane panuku lan bakul. Antarane panuku lan bakul nduweni golongan sing beda. Golongan kang bakal dibedakake antarane panutur lan mitra tutur yaiku: panutur (panuku) umur tuwa, jinis kelamin wedok, status ekonomi sosial sedheng, relasi tangga cedhak. Bakul (mitra tutur) umur enom, jinis kelamin wedok, status ekonomi sosial sedheng, relasi tangga cedhak. Panutur nuturake ukarane nalika dheweke rampung mesen salah sawijine barang marang mitra tuture. Panutur meseni supaya mitra tuture ora lali marang apa kang dijaluk dening panutur. Panutur menehi pesen kaya mangkono supaya mitra tutur nindakake kekarepane sarta ngelingake.

(4) Guna Weneh Rekomendhasi (*Recommendation*)

Rekomendhasi yaiku panjaluk supaya diwigatekake apa kang dituturake (KBBI, 2008: 1158). Saengga tuturan menehi rekomendhasi dituturake kanggo menehi rekomendasi lan menehi weruh marang mitra tuture ngenani kuwalitas samubarang. Tuladha saka guna iki sajorne proses dol-tinuku yaiku:

Panuku: Mbak klambi sing ireng ora ana leh mbak?
'Mbak baju yang hitam tidak ada kah mbak?'

Bakul : Ora ana je mbak. Iku wae lak wis leh. Iku lo rupane ya rodok peteng, modele ya sing anyar iku.

'Tidak ada mbak, itu saja sudah. Itu lo warnanya agak gelap, modelnya juga yang baru itu.'

Panuku : Ya wis iki pira leh mbak? *'Ya sudah ini berapa sih'*

Bakul : Padha wae nek iku
'Sama saja kalau itu'

Tuladha dhirektif iki nuduhake cecaturan antarane panuku lan bakul. Antarane panuku lan bakul nduwe golongan kang kaya mangkene panutur (bakul) umur sedhengan, jinis kelamin wadon, status ekonomi sosial sedheng, relasi tangga adoh. Mitra tutur (panuku) umur sedhengan, jinis kelamin wadon, status ekonomi sosial sedheng, relasi tangga adoh. Panutur nuturake ukarane nalika mitra tuture ora seneng lan ragu marang barang sing diwenehake dening panutur, supaya panuku bisa yakin lan mantep kanggo nuku barang dagangane kasebut, panutur banjur ngrekomenthasikake barang kasebut kanthi pangajap supaya panuku sida nuku barang kasebut tanpa rasa mamang.

Jinise Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Adhedhasar Lageyane Panutur

Dhirektif samubarang adhedhasar lageyane panutur kaperang dadi loro yaiku tatacara medharake lan tatacara sing digunakake. Tatacara sing diwedharake kaperang maneh dadi rong jinis yaiku kanthi blaka lan ora blaka. Menawa tatacara sing digunakake panutur kuwi sesambungan karo mbutuhake wong katelu apa ora anggane nuku samubarang.

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang Kanthi Blaka

Djasudarma (1994:65) tatacara blaka nuduhake gunane sajrone kahanan (tumindak) langsung lan literal (jumbuh karo kasunyatan). Kanthi perangan formalitas sintaksis titikan tindak tutur nuku samubarang blaka yaiku kanthi anane tembung "tuku" utawa "tumbas". Blaka yaiku tembung wantah sing tegese kandha ing sabenere, tanpa teheng aling-aling. Brown lan Levinson (sajrone Nadar, 2009:38) panutur bakal milih cara blaka jalaran nem alesan, Yaiku (1) panutur oleh panyengkuyung kanggo dheweke saka wong liya, (2) panutur oleh kapercayan ngenani sipat jujure kanthi nuduhake kapercayane marang mitra tutur (3) panutur antuk kapercayan amarga blaka (4) ngadohi prasangka ala menawa dheweke dianggep manipulator (5) panutur ora kepengin mitra tutur salah tanpa marang tuturane lan (6) panutur bisa ndandani maneh saka kaluputan tumindak sing ora ngajeni.

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang Ora Blaka

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku samubarang ora blaka iki yaiku nalika tuturane dipocapake kanthi menehi samudana. Tegese samudana yaiku karep utawa pepenginan diwedharake kanthi ora blaka nalika guneman, utawa karepe sengaja didhelikake jalaran ana kasud tartamtu. Brown lan Levinson (sajrone Nadar, 2009:38) medharake menawa panutur bakal nggunakake samodana jalaran patang prakara, yaiku (1) panutur dipercaya minangka pawongan sing wicaksana sing ora pengin meksa mitra tutur, (2) panutur ngadohi saka pamawase wong liya sing bakal ndadekake dheweke rerasane wong liya, (3) pawongan ngadohi tanggung jawab minangka pawongan kang dianggep ora ngajeni mitra tutur, lan (4) panutur menehi kalonggaran mitra tutur kanggo nggatekake kekarepane.

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang Langsung

Dhirektif nuku samubarang kanthi langsung katindakake yaiku dhirektif sing ditindakake dening panutur kanthi lageyan tartamtu. Tatacara DSPDS langsung yaiku kanthi cara nuku langsung marang bakule. Tegese panutur ora mbutuhake wong katelu gawe nindakake pepenginane. DSPDS langsung mujudake deklaratif kang digunakake kanggo nggawe wedharan. Tuturan dhirektif jinis iki minangka peranan kapisan sing umum ditindakake dening panutur.

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang Ora Langsung

Jinis kapindho yaiku kanthi ora langsung. Ora langsung kang dikarepake ing kene yaiku panutur ora naturake langsung marang wong sing dikarepake dening panutur. DSPDS ora langsung iki nduweni titikan anane wong katelu kanggo mbantu panutur nggayuh pepenginane. Antarane panutur lan mitra tutur ora langsung sapatemon/sesambungan. Tuturan saka panutur dititipake marang mitra tutur minangka wong katelu lan bakal dadi panyambung marang wong kang dikarepake dening panutur.

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang Adhedasar Pananggape mitra tutur.

Panutur menehi DSPDS supaya oleh pananggap saka panutur. Pananggape mitra tutur bisa diperang dadi papat yaiku DSPDS kang katampa katindakake, DSPDS kang katampa ora katindakake, DSPDS kang katampik katindakake, DSPDS katampik ora katindakake. Mitra tutur anggone nanggepi tuturane panutur ora kudu

nggunake cara verbal nanging uga bisa nggunakake kinesik. Kinesik tegese yaiku mangsuli utawa nanggepi kanthi obahe awak.

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang Kang Katampa Katindakake.

DSPDS bakal katampa lan katindakake yen mitra tutur percaya marang apa sing dipocapake panutur. Ibrahim (1993:40-41) ngandharake menawa mitra tutur bakal nampa apa sing dipocapake dening panutur awit mitra tutur bener-bener tulus nindakake DSPDS. Saliyane kuwi, DSPDS uga bakal katampa lan ditindakake jalaran kasengkuyung klawan rasa kepengin ngregani panutur sing wis preduli marang mitra tutur. DSPDS sing katampa lan katindakake bisa dititiki saka anane tembung “Ya” utawa “inggih” utawa “mangga” lan ukara sing sipate nyarujuki, uga bisa kanthi basa kinetis.

- K : Mbak Pun, tumbas *cokolatos* dua
'Mbak Pun, beli *cokolatos* dua'
P : Cokolatos dua Mil? Iki (karo
menehake *cokolatos*)
'Cokolatos dua Mil? Ini (dengan
memberikan *cokolatos*)'

Tuladha ing ndhuwur kalebu tuladha DSPDS kang katampa katindakake. Mitra tutur nggunakake cara ngupaya kanthi iki lan basa kinetis menehake. Panutur nggunakake basa krama jalaran struktur sosial umure beda. Kanggo ngajeni mitra tutur sing luwih tuwa, mula basa kang dienggo yaiku basa Krama supaya barang sidpengini enggal diwenehake.

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang kang Katampa Ora Katindakake

DSPDS kang katampa ora katindakake yaiku pananggape mitra tutur sing nampa lan sarujuk marang panutur, nanging ora nindakake apa sing dikarepake panutur. Mitra tutur nanggapi lan nampa DSPDS kanthi wangsulan “Iya”, inggih, utawa nggunakake basa kinetis, nanging ora nindakake kang dipengeni dening panutur. Tuladhane kaya ing ngisor iki.

- J : Kang No, tuku *suryanem* kang
'Kang No, Beli *suryamu* kang'
N : Ee iya Jur. Ir jupukna Ir!
'Oh iya Jur, Ir ambilkan ir!'

Tuladha ing ndhuwur kalebu tuladha DSPDS kang ditanggapi kanthi katampa nanging ora katindakake. Mitra tutur nampa pepengine panutur kanthi mangsuli “iya” nanging ora nindakake apa sing dikarepi panutur lan malah ngongkon wong liya sing nindakake.

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang kang Katampik Katindakake

Mitra tutur nampik pepenginane panutur kuwi maneka warna alesane. DSPDS bakal katampik yen mitra tutur ora ngregani panutur, Ibrahim (1993:41). Pananggape mitra tutur kang ora sarujuk marang panutur sarta ora menehi wangsulan, nanging nindakake sing dipengeni panutur. Tuladhane kaya ing ngisor iki.

- P : Dah aku wenehi berasem sakilo
Dah, aworna karo utangku sing
gek ingi wae ya!
*'Dah berikan aku berasmu sekilo
Dah, satukan dengan hutangku yang
kemarin ya!'*
- D : (Ora menehe wangsulan, nanging
madhahi beras sing dipengini
panutur)
*'(Tidak memberi jawaban, tapi
mewadahi beras yang diinginkan
penutur)'*

Tuladha ing ndhuwur mujudake DSPDS sing katampik katindakake. Mitra tutur nduweni rasa jengkel lan mangkel jalaran anggone nuku samubarang ora dibarengi karo metune dhuwit ing wanci iku uga (utang). Lageyane panutur ditampik kanthi cara meneng wae, nanging tetep madhahi beras sing dikarepake dening panutur.

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang kang Katampik Ora Katindakake

DSPDS nuku samubarang sing katampik ora Katindakake tegese, mitra tutur ora sarujuk lan nampik , uga ora nindakake sing dadi tuturane panutur. Mitra tutur bakal ora ngreken tuturan sing metu saka panutur.

- S : Nik, aku njaluk minem Nik,
takbayar nek bapake tanjam wis
oleh dhuwit ya!
*'Nik, saya minta miemu Nik, Kubayar
kalau bapaknya Tanjam sudah punya
uang ya!'*
- N : Gak nduwe mbak, wong wingi wae
urung dibayar ngono kok ape
njaluk neh.
*'Tidak punya mbak, kemarin saja
belum dibayar begitu kok mau
meminta lagi'*

Tuladha ing ndhuwur kalebu DSPDS sing katampik uga ora katindakake. Mitra tutur ngrasa mangkel karo panutur jalaran panutur nggawe rasa mangkele mitra tutur. Relasi tetanggan saka

saklorone uga adoh saengga mitra tutur ora bisa percaya marang panutur.

Teori Kanggo Panliten

Teori sing digunakake ing panliten iki yaiku teori tindak tutur. Teori tindak tutur sing digunakake ing panliten iki yaiku teori tindak tutur Searle. Searle (sajrone Rusminto, 2010:22) medharake menawa tindak tutur yaiku teori sing nintingi bab tegese basa adhedhasar anane sesambungan tuturan lan tumindak sing dilakoni dening panutur. Salah sawijine perangan tindak tutur yaiku tindak tutur ilokusi sing ing njerone ana dhirektif. Yaiku tindak tutur sing ditindakake panutur kanthi maksud mitra tutur gelem nglakoni apa sing dipengeni panutur. Saliyane bisa mangsuli kanthi verbal, bisa uga diwangsulni kanthi basa kinetis utawa solah bawane mitra tutur.

METHODHE

Konsep-konsep kang digunakake ing panliten iki yaiku konsep sing munjer ana ing dhisiplin ilmu lingusitik, utamane ing bidhang bidhang pragmatik. Salah siji punjer kang ditliti ing pragmatik yaiku ngenani tindak tutur. Searle (sajrone Rusminto, 2010:22) medharake menawa tindak tutur yaiku teori sing nintingi bab tegese basa adhedhasar anane sesambungan tuturan lan tumindak sing dilakoni dening panutur. Tintingan kasebut didhasari saka pamawas (1) tuturan kuwi minangka sarana komunikasi lan (2) tuturan bakal nduweni teges yen ditindakake ing cecaturan sabendinane, kaya dene njaluk, mrintah, mesen , menehi pitutur, lan menehi rekomendasi.

Laras klawan apa kang diomongake dening Searle, Austin (sajrone Ibrahim, 1993:106) ngandharake menawa tindak tutur minangka tumindak sing luwih mligi nglakoni samubarang tinimbang ngomongake samubarang. Saperangan tuturan ora amung nuduhake *representative* utawa *interrogative*, nanging saka tuturan kuwi nuduhake tumindak. Chaer lan Agustin (2004:50) ngandharake menawa tindak tutur kalebu gejala individual sing asipat psikologis, lan saka kahanane ditamtokake dening kabisane panutur ing bab basa sajrone ngadhepi kahanan tartamtu.

Titikan utama sing ana ing tindak tutur yaiku kudu ana panutur lan mitra tutur. Titikan kuwi mau ora uwal saka konteks tuturan, ancane tuturan, lan tindak tutur minangka sawijine tumindak. Panliten iki bakal mligi ngrembug tindak tutur direktif sing dituturake dening Searle. Objek kang bakal ditliti yaiku proses dol tinuku samubarang.

Panliten ngenani DSPD iki kalebu panliten kualitatif, lan luwih cethane kalebu panliten etnografi komunikasi. Panliten etnografi bakal nganalisis panganggone basa sarta dialeg ing sajrone budaya tartamtu. Panliten etnografi bakal munjerake konteks kanggo njlentrehake dhata. Ibrahim (1993:205) ngandharake menawa panliten jinis iki cundhuk

digunakake kanggo njlentrehake pola tindak komunikasi kang bisa dijinggleng lan direkam. Saengga panliten iki bakal ngandharake dhata-dhata sing wis kasil dijingglengi lan direkam.

Sipate Panliten

Sipate panliten iki yaiku deskriptif sing tegese andharan asil saka panliten bakal awujud jlentrehan dhata sing mligi lan nduweni simpulan sing luwih baku. Sugiyono (2005:21) ngandharake yen panliten sing sipate deskriptif yaiku panliten panliten sing digunakake kanggo nggambarake utawa nganalisis asil panliten nanging ora digunakake kanggo menehi simpulan sing luwih jembar. Metodhe deskriptif uga bisa diwastani indhentifikasi fakta kanthi *interpretasi* sing trep (Whitney, 1960:160). Basa bakal ditleti ing panliten iki didulu kanthi sinkronis yaiku basa sing nalika kuwi ditemokake. Saka dhata sing wis diklumpukakae bakal dijlentrehake adhedhasar konteks kanthi nggunakake basa kang gampang dingerteni. Panliten iki bakal nggambarake sarta menehi jlentrehan kathi sistematis lan ana sambungane karo dhirektif ing DSPD.

Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku saka ngendi dhata kasebut diolehi. Pamilihe sumber dhata uga dadi alesan jinis basa apa kang bakal dadi objek analisis. Bab kuwi dijalarani saka bedane ragam basa kang digunakake saben kelompok utawa golongan. Proses dol tinuku samubarang minang proses sing wis umum lan dadi padatan ing bebrayan. Padatan ing saben panggonan uga nduweni ragam basa sing ora bias dipadhakake antarane siji lan liyane. Surana (2015:01) saben komunitas bakal nglairake basa sing khas kang cocok lan laras klawan budaya saka komunitas kasebut. Sumber dhata saka panliten iki yaiku saka cecaturane wong-wong ing Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban. Sumber dhata iki uga dijupuk saka salah sawijine pasar cilik sing ana ing Desa kasebut.

Dhata

Arikunto (2002:74) Dhata yaiku sakabehane fakta lan angka sing bisa didadekake bahan kanggo nyusun *informasi*. Dene *informasi* yaiku asil saka olahan dhata sing digunakake kanggo kaperluan tartamtu. Dhata kang dikarepake ing panliten DSPD iki yaiku arupa ukara-ukara sing ngemot unsur tindak tutur ing njerone, mligine ing tindak tutur dhirektif. Dhata kasebut diolehi saka asil nyemak lan cecaturan langsung klawan panutur. Saliyane kuwi, dhata bisa uga diolehi saka cara liya kaya dene nyadhap, lan nguping.

Instrumen Panliten

Instrumen Panliten yaiku alat-alat kang digunakake kanggo ngrekam informasi sing dikumpulake (Farida, 2000:102). Instrumen panliten bisa arupa kuisioner, lembar *observasi*, formulir lan piranti liya sing bisa nyengkuyung lan ana gandhengane klawan panliten. Bisa didudut menawa instrumen panliten yaiku bab-bab sing bakal digunakake kanggo ngrekam dhata, bisa arupa lembar *observasi*, rekaman, pulpen, lan sapanunggalane. Instrumen panliten DSPD iki kaperang dadi loro yaiku instrument utama, instrument panyengkuyung lan subjek panliten. Sing dimaksud intrumen utama yaiku instrument sing kudu ana ing panliten iki. Instrument utama sing sing maksud ing bab iki yaiku panliti iku dhewe. Saengga panliti bakal nduweni kuwasa kanggo mbiji sawijine kahanan lan nemtokake samubarang. Menawa intrumen panyengkuyung yaiku instrument sing bisa menehi panyengkuyung supaya bisa menehi asil sing maksimal sajrone panliten. Instrument panliten sing dimaksud yaiku piranti utawa alat. Piranti kasebut bisa arupa cathetan lan piranti ngrekam. Perangan instrument kang pungkasan yaiku subjek panliten, ing bab iki sing dikarepake yaiku warga Dusun Bahoro, Dusun Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban sing nindakake DSPD

Tata Carane Nliti

Tata carane nliti yaiku proses-proses sing bakal dilekoni dening panliti kanggo ngolehi lan ngolah dhata kasebut. Subbab iki bakal menehi telung perangan kanggo menehi tata carane nliti, yaiku (1) cara nglumpukake dhata, (2) cara njlentrehake dhata, lan (3) cara nyuguhake asil panliten. Telung perangan kaya kang kasebut kuwi bakal kajlentrehake luwih rinci kaya ing ngisor iki:

Cara Nglumpukake Dhata

Cara nglumpukake dhata ing panliten DSPD iki yaiku kanthi cara semak lan guneman (Mahsun, 2005:242). Metodhe semak dilakokake kanthi nyemak basa sing digunakake panutur lan mita tutur. Menawa metodhe guneman yaiku kanthi cara cecaturan langsung karo informan lan subjek panliten kanggo ngolehi dhata.

Metodhe semak iki bisa dilakoni kanthi limang teknik, yaiku teknik sadap, semak melu guneman, semak tanpa melu gunem, teknik cathet, lan teknik rekam. Teknik sadap maksude yaiku, panliti anggone ngolehi dhata kanthi cara ndelik-ndhelik supaya antuk data sing *relevan*. Teknik semak melu guneman tegese yaiku panliti bisa melu guneman sinambi nyemak. Dene semak tanpa melu guneman yaiku panliti mung nyemak tuturan tanpa melu guneman. Sabanjure yaiku teknik cathet, tektik cathet iki nduweni teges panliti nyathet sakabehane wedharan nganggo piranti tulis banjur ditulis nggunakake lambing basa. Teknik kang pungkasan yaiku rekam, tegese yaiku panliti ngrekam sakabehane gunem sing metu saka panutur lan mitra tutur.

Metodhe kaping pindho yaiku metodhe guneman sing bisa dilakokake kanthi cara wawanacara. Yaiku panliti menehi pitakon-pitakon marang narasumber ngenani bab apa wae sing bisa nyengkuyung panliten. Metodhe iki digunkakake kanggo meruhi asil sing ana gegayutane karo struktur sosial lan relasi sosial. Struktur sosial sing dikarepake yaiku jinis kelamin, umur, struktur ekonomi, lan agama. Menawa relasi sosial sing dikarepake ing kene yaiku kulawarga, tangga, lan kanca. Teknik liya sing bisa digunakake yaiku teknik pancing. Yaiku panliti sengaja mancing guneman kanthi cara menehi tumindak utawa ngomong bab sing dipengini dening bakal calon panutur supaya dheweke nindakake DSPD.

Cara njlentrehake Dhata

Dhata sing wis kasil diolehi banjur dikumpulake lan diolah kanthi metodhe kategori lan metodhe deskriptif. Metoodhe kategori yaiku nganalisis dhata kanggo nemokake kategori lan pocapan sing padha. Dhata-dhata sing nduweni titikan padha banjur diklupukakake dadi siji.

Dhata panliten sabanjure bakal dijlentrehake kanthi metodhe deskriptif. Metodhe deskriptif yaiku metodhe sing nggunakake jlentrehan nggunakake tetembungan (Azwar, 1998:126). Dhata sing wis diolehi bakal dijlentrehake miturut titikan, jinis, lan guna saka tuturan kang mijil saka panutur. Dhata uga bakal diudhari kanthi gamblang ngenani kahanan sing ana kanggo nguwatake dhata sing wis diolehi.

Cara Nyuguhake Dhata

Asil saka panliten iki kanthi ngandharake asil observasi sing disuguhake kanthi metodhe informal. Mahsun (2005:123) Matodhe informal yaiku nyuguhake dhata arupa tembung-tembung sing lumrah digunakake tanpa nggunkakake tandha utawa symbol. Dhata sing wis digolongake banjur disuguhake kanthi jangkep antarane teks lan konteks. Teks sing dimaksud yaiku arupa wedharan DSPD saka tumindak cecaturan antarane panutur lan mitra tutur. Konteks yaiku asil sing ana sambungane karo struktur sosial lan relasi sosial. Malinowski (sajrone Titscher, 2009:153) konteks dianggep penting banget jalaran ing njerone konteks ora mung bakal ngrembug konteks linguistik lan kontek situasional, nanging uga ekspresi lan solah bawane awak.

Runtutane Panliten

Runtutane panliten yaiku urutan-urutan kang bakal ditindakake dening panliti. Mahsun (2005:31) ngandharake menawa runtutane panliten bisa kaperang dadi telung, antarane yaiku prapanliten, nindakake panliten, nulis lapuran panliten. Jlentrehan saka telung urutan kasebut kaya ing ngisor iki:

Tahap Persiapan

Persiapan yaiku kagiyatan sing bakal dilakoni dening panliti sadurunge nindakake panliten. Persiapan

kasebut katindakake supaya asil saka panliten kasebut bisa luwih *valid* lan bisa dipertanggungjawabake. Persiapan kang dilakoni ing panliten iki yaiku:

- (1) Nggoleki lan nemtokake objek sarta underan panliten
Objek kang ditliti ing panliten iki yaiku dhirektif sing mijil sajrone proses dol tinuku samubarang ing Dusun Bahoro, Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban
- (2) Nglumpukake dhata
Sawise panliti nemtokake underan saka panliten, tahap sabanjure yaiku nglumpukake dhata sing ana sesambungane klawan underan kang sadurunge wis ditemtokake kasebut.
- (3) Nemtokake irah-irahan panliten
Underan kang wis ketomkake banjur nglairake judul kanthi kaya mangkene “Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang ing Dusun Bahoro, Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban”
- (4) Nglumpukake literatur kapustakan
Sampungne panliti nglakoni telung tahapan kaya ing ndhuwur, banjur nggoleki literatur sing cundhuk klawan dhirektif sajrone proses doltinuku kanggo nganalisis dhata
- (5) Nyusun proposal
Panliti nyusun ancangan proposal, sarta proposal saperlu diajokake supaya antuk pasarujukan.

Tahap Nindakake Panliten

Dhata kang wis diklumpukake ing lapangan, banjur diolah ing tahap nindakake panliten supaya anggone nliti bisa luwih rinci lan ora njembar.

- (1) Idhentiifikasi
Dhata sing diolehi saka sumber dhata bakal diidhentiifikasi cocok orane dhata kasebut dilebokake ing panliten.
- (2) Analisis dhata
Tahap iki katindakake sampunge dhata-dhata wus diidhentiifikasi. Dhata banjur dianalisis kanthi diperang miturut jinis dhirektif kang dituturake.
- (3) Klasifikasi dhata

Cara nglasifikasi dhata yaiku kanthi cara nliti sarta merang-merang dhata miturut perangan saka dhirektif sajrone proses dol-tinuku samubarang ing Dusun Bahoro, Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban.

Tahap Nulis Lapuran Panliten

Tahap iki minangka tahap kang pungkasan saka runtutan tahap-tahap sing ana ing panliten. Tahap iki ditindakake kanthi nulis lapuran analisis, nglapurake asil analisis, mbeneri asil sing luput saka asil analisis kanthi *revisi*, dibacutake ing proses ujian skripsi lan pungkasan yaiku awujud lapuran wutuh sing bisa dipertanggungjawabake dening panliti.

ASIL LAN ANDHARAN

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku samubarang adhedhasar lageyane panutur kena daya pangaribawa saka

sumbere. Sumber Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku samubarang adhedhasar proses sosial kaperang dadi loro, yaiku saka pocapan lan solah bawa. Wujud ukara sing digunakake dening panutur ing Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku samubarang ana telu yaiku ukara crita utawa pawarta, ukara pakon utawa, lan ukara pitakon.

Jinise Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang adhedhasar lageyane panutur kaperang dadi loro yaiku tatacarane panutur medharake lan tatacara kang digunakake panutur. Tatacarae panutur medharake Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku samubarang bakal kaperang maneh dadi loro yaiku blaka lan ora blaka. Dene tatacara kang digunakake panutur kaperang dadi loro yaiku langsung lan ora langsung. Saka rong perangan iku bakal ngasilake patang jinis dhirektif sajrone proses dol-tinuku samubarang adhedhasar lageyane panutur.

Patang jinis kasebut yaiku blaka lanngsung, blaka ora langsung, ora blaka langsung, ora blaka ora langsung. Andharan sarta dhata patang perangan kasebut bakal kaandharake luwih rinci ana ing subbab ing ngisor iki :

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang Kanthi Blaka Langsung

Panutur medharake Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku samubarang kanthi langsung saperlu apa kang dituturake bisa katampa kanthi apik lan ngurangi pamawas sing sulaya anatarane panutur lan mitra tutur. Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku samubarang iki dituturake dening panutur jalaran dheweke ora nduweni barang sing pengini. Mula nalika dheweke nuturake dhirektif iki diarep-arep mitra tutur nduweni barang sing dikarepke lan gelem dituku dening panutur. Dhirektif iki bisa kaperang maneh dadi rong perangan yaiku blaka langsung nyilih utawa njaluk tenaga, blaka langsung nyilih utawa njaluk samubarang, blaka langsung nyilih utawa njaluk palilah .

Blaka Langsung Nyilih Utawa Njaluk Tenaga

Perangan iki minangka perangan saka dhirektif sajrone proses doltinuku ing Dusun Bahoro kang kadeleng saka lageyane panutur. Perangan iki kadaden nalika panutur njaluk utawa nyilih tenaga saka mitra tutur. Panutur nuturake ukarane kanthi blaka supaya kang dikarepake bisa enggal kaleksanan lan diolehi. Titikan sabanjure yaiku nalika nuturake ukarane, panutur matur kanthi langsung marang mitra tutur lan kekarepan saka panutur kasebut pancen ditujokake marangg mitra tutur sing diajak guneman kasebut.

Blaka Langsung Nyilih Utawa Njaluk Samubarang

Dhirektif nuku samubarang iki kadeleng saka lageyane panutur sing lagi nyilih utawa njaluk samubarang. Samubarang kang dikarepeke ing perangan iki yaiku samubarang sing arep dituku. Panutur ana ing kene nuturake ukarane kanthi blaka lan ukara kasebut dituturake marang mitra tutur kanthi langsung.

Blaka Langsung Nyilih Utawa Njaluk Palilah.

Perangan iki minangka perangan kang kaping pungkasan saka dhirektif nuku samubarang sing kadeleng saka lageyane panutur kang blaka. Tuturan iki uga dituturake dening panutur kanthio langsung marang mitra tutur. Perangan iki panutur luwih mbutuhake palilah saka panutur. Panutur njaluk palilah saka panutur jalaran dheweke kepengin supaya mitra tutur nyarujuki apa kang dikarepake dening panutur.

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang kanthi Blaka Ora Langsung

Dhirektif kanthi blaka langsung yaiku perangan kapindho saka dhirektif nuku samubarang adhedhasar lageyane panutur. Dhirektif iki dilakokake dening panutur kanthi cara blaka. Blaka kang dimaksud ing kene yaiku kanthi menehi warta utawa ukara kang satemene. Ukara kasebut dituturake marang wong katelu utawa wong sing dipasrahi kanggo diaturna marang wong kapindho.

Blaka Ora Langsung Wujud Titip Omongan

Blaka ora langsung titip omongan yaiku perangan saka blaka ora langsung sing ndeleng panutur minangka objek analisis. Lageyane panutur nalika nuturake ukarane nggunakake ukara sing blaka, nanging ukara kasebut ora dituturake marang wong sing dikarepake panutur. panutur. Saengga panutur mbutuhake wong katelu minangka prantara antaran panutur lan wong sing dikarepake panutur. Panutur nitipake omongan marang mitra tutur, sing mangkone omongan kasebut bisa diwenehake marang wong sing dikarepake dening panutur.

Blaka Ora Langsung Wujud Titip Samubarang

Perangan iki yaiku minangka perangan kapindho saka dhirektif sing dituturke kanthi blaka ora langsung dening panutur. Pambeda saka perangan sadurunge yaiku, panutur nitipake samubarang marang mitra tutur, sing mangkone samubarang kasebut bisa diwenehake marang wong sing dikarepake dening panutur.

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang kanthi Ora Blaka Langsung

Dhirektif kanthi ora blaka ora langsung yaiku ditektif sing katinakake dening panutur sing nggunakake ukara sing ora blaka utawa ana kang ditutupi. Panutur kaya mangkono jalaran dheweke ora kepengin mitra tutur kasebut meruhi langsung apa karepe, saliyane kuwi cara kasebut digunakake jalaran panutur kepengin supaya mitra tutur katarik kawigatene. Direktif iki kaperang dadi 2 yaiku : Dhirektif ora blaka langsung tanpa karep kusus lan dhirektif ora blaka langsung kanthi karep kusus.

Dhirektif Ora Blaka Langsung Tanpa Karep Kusus

Dhirektif iki yaiku ditektif sing dituturake kanthi cara ora blaka adhedasar pamilihe tembung. Panutur milih tembung-tembung sing ora sabenere kanggo nyamudanakake ukara kang sabenere. Panutur nuturake ukarane kanthi kaya mangkono jalaran dheweke ora kepengin mitra tutur rinasa lara ati amarga tuturane panutur.

Dhirektif Ora Blaka Langsung Kanthi Karep Kusus

Dhirektif iki yaiku dhirektif sing dituturake kanthi ora blaka adhedhasar tujuwane panutur sing nduweni karep kusus nalika nuturake ukarane. Karep kusus sing dimaksud yaiku supaya mitra tutur nuku barang dagangane tanpa nggunakake ukara blaka. Panutur nuturake ukarane kanthi kaya mangkono jalaran dheweke ora kepengin mitra tutur rinasa lara ati amarga tuturane panutur. Saliyane kuwi uga supaya panutur rinasa digatekake lan bisa bombing manane.

Dhirektif Sajrone Proses Doltinuku Samubarang kanthi Ora Blaka Ora Langsung.

Dhirektif sajrone proses doltinuku samubarang kanthi ora blaka ora langsung yaiku dhirektif sing kadeleng saka lageyane panutur sing nggunakake cara kanthi menahi ukara sing ora blaka. Tegese yaiku panutur nggunakake ukara liyane sing disamudanakake supaya mitra tutur ora ngerteni langsung apa sing dikarepake dening panutur. Panutur ora nggunakake ukara sing blaka jalaran dheweke ora kepengin mitra tutur ngerteni barang utawa objek kang dikarepake. Kaping pindhone panutur kepengin mitra tutur menahi dudutan dhewe tanpa dituturake dening panutur. Dhirektif iki uga dituturake kanthi ora langsung, tegese yaiku panutur nuturake ukara sing ancasa ukara kasebut kanggo wong liya. Mitra tutur ana ing kene minangka wong katelu sing bakal menehake ukarane marang wong liya sing dikarepake kasebut. Mitra tutur kasebut bakal diwastani wong katelu utawa wong sing dadi prantara antarane panutur marang wong sing dikarepake dening panutur. Wujud saka jinis dhirektif iki yaiku kaperang dadi 2 antarane yaiku: (1) wujud nyingidake, lan (2) wujud pasemon.

Ora Blaka Ora Langsung Wujud Nyingidake

Wujud iki yaiku kadeleng saka lageyane mitra tutur sing ora gelem blaka marang mitra tutur. Cara anggone nuturake ukarane yaiku kanthi nyingidake bab sing dadi parembungan antarane panutur lan mitra tutur. Panutur nyingidake bab/utawa barang kasebut jalaran dheweke ora kepengin mitra tutur meruhi bab kang siningit antarane panutur lan wong sing dituju dening panutur.

Ora Blaka Ora Langsung Wujud Nyemoni (ngode)

Perangan kapindho saka ora blaka lan ora langsung yaiku kanthi wujud nyemoni utawa menehi kode marang mitra tutur. Panutur nganggo ukara sing kaya mangkono jalaran dheweke nduweni rasa sungkan nalika arep blaka marang mitra tutur. Saengga cara kang digunakake supaya mitra tutur ora kliru anggone nangkup kekarepane, lan supaya mitra tutur ora mikir sing negatip marang panutur yaiku nganggo *kode*, utawa nyemoni. Kasil orane cara iki yaiku gumantung klawan mudheng lan orane mitra tutur marang *kode* sing diwenehake dening panutur.

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang Adhedhasar Pananggape Mitra Tutur

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang Adhedhasar Pananggape Mitra Tutur yaiku analisis dhirektif sing kadeleng saka pananggape mitra tutur. Pananggape panutur ing bab iki bisa maneka warna. Menawa bakune ing panliten iki kaperang dadi papat. Yaiku katampa katindakake, katampa ora katindakake, katampik katindakake, lan katampik ora katindakake. Saben perangan kasebut isih bakal kaperang maneh miturut jinise.

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang Kang Katampa Katindakake.

Kapisan yaiku dhirektif sing katampa lan katindakake. Perangan iki yaiku nalika panutur lan mitra tutur bisa laras lan ana kerja sama. Perangan iki yaiku minangka tuladha menawa ing prinsip komunikasi, antarane panutur lan mitrane bisa laras lan bisa nampa omongan siji lan liyane. Perangan iki kadeleh ana ing perangan kapisan jalaran perangan iki minangka kahanan kang dipengini dening panutur. Dhirektif jinis iki isih kaperang dadi 2. Perangan kaping pisan yaiku dhirektif kang katampa kanthi ukara lan katindakake, lan kaping kapindhone katampa tanpa ukara lan katindakake.

Dhirektif kang Katampa Kanthi Ukara lan Katindakake.

Dhirektif jinis iki yaiku dhirektif sing kadeleng saka mitra tutur. Kepriye pananggape mitra tutur naggepi dhirektif sing diwenehake dening panutur. Pananggape mitra tutur ing kaanan iki yaiku, dheweke nampa sakabehane pepenginan saka panutur lan diwangsul kanthi ukara. mitra tutur uga nindakake pepeinginan saka panutur.

Dhirektif Nuku Samubarang Kang Katampa Tanpa Ukara Katindakake

Dhirektif nuku samubarang kang katampa tanpa ukara katindakake iki yaiku jinis dhirektif sing kadeleng saka pananggape mitra tutur kang menehi pananggap tanpa ukara. tegese yaiku, mitra tutur ora nuturake ukara nanging saka solah lan bawane sarta praen nuduhake menawa dheweke nampa dhirektif saka panutur. Mitra tutur uga nindakake kekarepan saka panutur.

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang kang Katampa Ora Katindakake

Dhirekti sajrone proses dol-tinuku samubarang kang katampa ora katindakake yaiku jinis kaping pindhho saka jinis dhirektif nuku sambubarang menawa kadeleng saka pannaggape mitra tutur. Dhirektif iki nuduhake menawa mitra tutur nampa tuturan kang metu saka panutur, nanging mitra tutur ora gelem nindakake kekarepane panutur. Bab kasebut bisa dijalari saka mitra tutur lagi ana jejibahan liya saengga dheweke ora bisa nuruti kekarepan saka panutur. Kapindhone jalaran mitra tutur ora sreka nindakake kekarepan saka panutur, utawa

kaping telune jalaran mitra tutur amung menehi pasemayan. Dhirektif jinis iki kaperang dadi 3 yaiku 1. Dhirektif kang katampa ora katindakake amarga sibuk, 2. Dhirektif kang katampa ora katindakake amarga entek, 3. Dhirektif kang katampa ora katindakake amarga kapeksa, lan 4. Dhirektif kang katampa ora katindakake amarga semaya.

Dhirektif Kang Katampa Ora Katindakake Amarga Sibuk

Dhirektif jinis iki kadeleng saka pananggape mitra tutur sing nampa kekarepan saka panutur sarta nyarujuki nanging ora bisa ngleksanani apa kang dikarepake dening panutur. Mitra tutur ora bisa ngleksanani kekarepan saka panutur jalaran ana jejibahan liya sing kudu leksanani. Mitra tutur bisa ngongkon panutur kanggo nglakokake kekarepane dhewe.

Dhirektif Kang Katampa Ora Katindakake Amarga Entek

Dhirektif jinis iki yaiku jinis dhirektif sing kadeleng saka pananggape mitra tutur sing nampa tuturan saka panutur, nanging mitra tuture ora bisa nindakake kekarepan sak panutur kasebut jalaran barang kang dikarepake dening panutur ora ana. Mitra tutur kepeksa ora nindakake kekarepan saka panutur.

Dhirektif Kang Katampa Ora Katindakake Amarga Kapeksa

Dhirektif jinis iki minangka jinis dhirektif sing kadeleng saka pananggape mitra tutur kang nampa dhirektif saka panutur. Dhirektif jinis iki minangka perangan saka dhirektif sing mitra tuture ora nindakake kekarepan saka panutur. Alesan ora katindakake kekarepan saka panutur iki jalaran mitra tutur kekepeksa nampa dhirektif kasebut. Saengga mitra tutur ora nindakake kekarepane panutur jalaran panutur amung kepengin mitra tutur amung sewates nampa kakarepan saka panutur lan ora perlu nindakake apa-apa.

Dhirektif Kang Katampa Ora Katindakake Amarga Semaya

Perangan dhirektif kang katampa ora katindakake sabanjure yaiku jalaran semaya. Mitra tutur nampa dhirektif saka panutur nanging dheweke ora nindakake kekarepan saka panutur jalaran mitra tutur menehi pasemayan marang panutur. mitra tutur menehi pasemayan marang panutur jalaran ana sebab liya sing njalari kaya mangkono.

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang kang Katampik Katindakake

Dhirektif jinis iki yaiku dhirektif sing kaanalisis saka pananggape mitra tutur sing nanggapi kanthi nampik dhirektif saka panutur, nanging dheweke tetep nindakake apa kang dikarepake dening panutur. Mitra tutur nampik dhirektif kasebut jalaran mitran tutur nduweni alesan. Alesan kasebut antarane yaiku kapisan mitra tutur nampik jalaran dheweke ora sarujuk klawan apa sing dipengini dening panutur lan diganti karepe.

Sabanjure yaiku mitra tutur jalaran dheweke ora gelem nanging tetep ngladeni. Menawa perangan saka dhirektif jinis iki yaiku: katampik katindakake awujud nyilih, katampik katindakake awujud ngenyang, lan Katampik katindakake awujud njaluk.

Katampik Katindakake Awujud Nyilih

Dhirektif jinis iki yaiku dhirektif nukub samubarang kang kadeleng saka pananggape mitra tutur sing nampik dhirektif saka panutur nanging katindakake sing wujud yaiku nyilih. Saengga panutur nduweni karepn nyilih samubarang nanging mitra tutur nampik utawa ora nyilihi panutur. Mitra tutur tetep nindakake kekarepane panutur jalaran dheweke ngganti kekarepane panutur kasebut. Pangganti saka wujud nyilih kasebut yaiku menehi.

Katampik Katindakake Awujud Ngenyang

Dhirektif jinis iki yaiku dhirektif sing wujud pananggapap kepriye menawa ana panutur sing menehake dhirektif sing wujud ngenyang rega nanging katampik. Senajan dhirektif saka panutur katampik, nanging mitra tutur tetep ngleksanani panjaluke panutur jalaran mitra tutur tetep kudu ngladeni apa kang dituku dening panutur.

Katampik Katindakake Awujud Njaluk.

Dhirektif iki minangka perangan saka dhirektif nuku samubarang kang katampik nanging tetep katindakake. Mitra tutur satemenen ora pengin nyarujuki nanging panutur njaluk supaya mitra tutur nuruti apa kang dikarepake. Saengga mitra tutur nuruti kang dikarepake dening panutur.

Dhirektif Sajrone Proses Dol-tinuku Samubarang kang Katampik Ora Katindakake

Dhirektif jinis iki yaiku perangan dhirektif kang kaping pungkasan sing kadeleng saka pananggape mitra tutur. Mitra tutur menehi pananggap sing ora dipengini dening panutur. Pananggape mitra tutur yaiku nampik kekarepan saka panutur sarta mitra tutur uga ora nindakake kekarepane. Titikan saka dhirektif iki yaiku anane tembung “ora”, “mboten”, “gak” lan tembung negatip liyane. Saliyane nggunakake tetembungan bisa uga nggunakake solah bawa kang nuduhake mitra tutur nampik

kekarepan saka panutur. Perangan saka dhirektif iki yaiku (1) Katampik ora katindakake kanthi wangsulan, lan (2) Katampik ora katindakake kanthi salah.

Katampik Ora Katindakake Kanthi Wangsulan Awujud Ukara

Pananggape mitra tutur kang katampik ora katindakake kanthi wangsulan awujud ukara yaiku perangan saka dhirektif sajrone proses doltinuku kang kadeleng saka pananggape mitra tutur. Perangan iki yaiku jinis dhirektif kang pungkasan sing mitra tuture nampik dhirektif saka panutur sarta ora nindakake apa kang dikarepi dening panutur. Kahanan iki yaiku kahanan sing ora dikarepake dening panutur jalaran, panutur ora bisa ngolehi kang dikarepake. Lumrahe, mitra tutur nggunake tembung ora, mboten, utawa ukara liya sing nduweni teges padha.

Katampik Ora Katindakake Kanthi Solah.

Katampik ora katindakake minangka perangan saka dhirektif kang katampik lan ora katindakake miturut pananggape mitra tutur sing kalebu jinis dhirektif ing sajrone proses dol tinuku kang kadaden ing pasar, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban. Mitra tutur nampik pepenginan saka panutur bisa jalaran mitra tuture ora mbutuhake barang kang ditawakake. Mitra tutur nalika nampik kekarepan saka panutur yaiku kanthi solah bawa, kaya dene mlaku, ngangkat tangan, lan liya-liyane sing tamtune nduweni teges kang padha.

PANUTUP

Dusun Bahoro minangka salah sijine dusun saka pitung Dhusun sing ana ing Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban. Dusun kasebut saperangan kawulane ana sing nduweni pakaryan bakulan. Pakaryan kasebut ora bisa adoh saka proses ngongkon sing bakal nuwuhake rasa pepenginan kanggo dituruti kekarepane. Nalika panutur nuturake ukara sing bakale ukara kasebut pengin katindakake dening mitra tuture, proses kuwi sinebut dhirektif.

Jinis saka dhirektif iki menawa kadeleng saka legeyane panutur yaiku blaka-ora blaka, lan langsung-ora langsung. Menawa kadeleng saka pananggape mitra tutur jinise yaiku katampa-katampik, lan katindakake ora katindakake. Kanthi rincian legeyan panutur kaperang dadi blaka langsung, blaka ora langsung, ora blaka langsung, lan ora blaka ora langsung. Blaka langsung nduweni wujud nyilih/njaluk tenaga, nyilih/njaluk samubarang, nyilih/njaluk palilah. Blaka ora langsung nduweni wujud titip omongan, titip dhuwit.

Sabanjure yaiku ora blaka langsung nduweni wujud kanthi karep kusus lan tanpa karep kusus. Sarta kang pungkasan saka legeyane panutur yaiku kanthi ora blaka ora langsung. Wujud saka jinis iki yaiku ora blaka ora langsung kanthi tujuwan nyingitake, lan ora blaka ora

langsung kanthi tujuwan menehi stimulus (sandi/pasemon).

Kapindhone yaiku dhirektif sing kadeleng saka pananggape mitra tutur, sing jinise yaiku katampa katindakake, katampa ora katindakake, katampik katindakake lan, katampik ora katindakake. Katampa katindakake kaperang dadi 2 yaiku katampa katindakake kanthi ukara lan tanpa ukara. jinis kapindhone yaiku katampa ora katindakake, alesan saka mitra tuture yaiku kaperang dadi 3, antarane yaiku karana sibuk, kenentek, kapeksa, lan semaya.

Kaping telu saka jinis dhirektif sajrone proses dol tinuku kang kadeleng saka pananggape mitra tutur yaiku katampik katindakake lan katampik ora katindakake. Wujud saka katampik katindakake yaiku kaperang dadi 3 antarane yaiku katampik katindakake wujud nyilih, wujud ngenyang, lan wujud njaluk. Menawa katampik ora katindakake kaperang dadi 2 yaiku katampik ora katindakake kanthi ukara, lan katampik ora katindakake kanthi solah.

Pamrayoga

Panliten iki amung ngrembug saperangan jinis saka dhirektif sajrone proses dol tinuku sing ana ing dusun bahoro, kang kaperang dadi perangan-peranggan cilik sing kadeleng saka wujud. Panliten iki bisa diarani isih adoh saka sampurna. Isih akeh wujud lan perangan perangan liya sing mesthine luwih mligi lan njlimet nanging durung bisa kajlentrehake kanthi rowa. Mula prelu dianakake panliten sing mirunggan babagan wujud dhirektif sajrone proses dol tinuku ing Dusun Bahoro, Desa Banjarworo, Kecamatan Bangilan, Kabupaten Tuban.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, S. 2002. *Metode Penelitian Suatu Pendekatan Proposal*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Azwar, Saifuddin. 1998. *Metode Penelitian*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Chaer, Abdul lan Leonie Agustina. 2004. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta
- Djajasudarma, T. Fatimah. 1994. *Wacana Pemahaman dan Hubungan Antarunsur*. Bandung: PT. Eresco
- Ibrahim, Abdul Syukur. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: Usaha Nasional
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-Prinsip Pragmatik. (Kajawakake dening M.D.D. Oka, M.A)*. Jakarta: Universitas Indonesia
- Leech, Geoffrey. 1983. *Principles of Pragmatics*. London: Longman
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: Persada
- Nadar, FX. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu
- Nurhandriana. 2014. *Tindak Tutur Menging ing Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung (Skripsi oraditerbitake)*. Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa

- Prayitno, Harun Joko. 2011. *Kesantunan Sosiopragmatik*. Surakarta: Universitas Muhammadiyah Press
- Poerwadarminta, W.J.S. 2006 *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka
- Rosidah, Ami. 2018. *Tindak Tutur Njaluk Samubarang ing Dhusun Tanjung Desa Ngadimulya Kecamatan Kampak Kabupaten Trenggalek* (Skripsi ora diterbitake). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa
- Rusminto, N.E. 2010. *Memahami Bahasa Anak : Sebuah Kajian Analisis Wacana Panduan Bagi Guru, Orang Tua, dan Mahasiswa Jurusan Bahasa*. Bandar Lampung: Universitas Lampung
- Sudaryanto lan Pranowo. 2001. *KAMUS PEPAK BASA JAWA*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa
- Sugiyono. 2005. *Memahami Penelitian Kualitatif*. Bandung: CV. Alfabeta
- Sukmarini, Rahmi. 2014. *Tindak Tutur Pamit ing Pasrawungan Masyarakat Desa Macanbang, Kecamatan Gondang, Kabupaten Tulungagung* (Skripsi ora diterbitake). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa
- Surana. (2015) *Variasi Bahasa dalam Stiker Humor*. Electronic Theses & Dissertations (ETD). Diolahi wektu 06 Mei 2019 saka http://etd.repository.ugm.ac.id/index.php?act=view&buku_id=87892&mod=penelitian_detail&sub=PenelitianDetail&typ=html
- Titscher, Stefan. 2009. *Metode Analisis Teks & Wacana*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Vriastari, Yolanda. 2015. *Bentuk dan Fungsi Tindak Tutur Pedagang dan Pembeli di Pasar Krian Baru Sidoarjo* (Skripsi ora diterbitake). Surabaya: Jurusan PBSI-FBS-Unesa
- Whitney. (1960) . *Penelitian Deskriptif Menurut Whitney*. (Online) Cumepak ing <http://uki-sukrianto.blogspot.com/2012/03/ciri-ciri-metode-deskriptif.html>.
- Yusuf, Farida. 2000. *Evaluasi Program*. Jakarta: Rineka Cipta